# MUSOMOBIL

*GID POU ITILIZE MUSOMOBIL*

## *MODIL 4 – Depans ak sòti lajan nan mityèl la*

Modil sa pale de kòman pou n pase depans ak sòti lajan nan mityèl la sou musomobil. Pou mityèl la fonksyone li bezwen fè kèk depans ki nesesè pou fonksyonman l, kòm achte kaye diferan kès yo, achte kès, peye lwaye etc…

Musomobil la bay posibilite pou mityèl la pase ekriti sa yo, pou kès vèt la yo rele l depans pou kès wouj la yo rele w sòti.

### 1- Depans nan kès vèt

Pou fè yon depans nan kès vèt la ou dwe ale nan meni **Kès vèt** la epi klike sou **Depans** nap tombe sou paj sa :




Pou w antre yon nouvo depans wap klike sou pati **Ajoute depans** lan, ki tou afiche pa defo lè w fenk antre sou paj depans lan. Se yon fòmilè pou ou antre tout enfòmasyon konsènan depans ou a : *Deskripsyon depans lan, Dat, Montant depans lan, ribrik, benefisyè, ak lot detay*

Lè w fin antre tout enfòmasyon sou depans ou vle fè a ou ka jis klike sou boutan anrejistre a, li pèmèt ou tou telechaje yon piès jwent si w genyen tankou yon resi, yon kopi chèk etc…




## Pati Depans yo




Nan pati **Depans yo**, ou ka wè lis tout depans mityèl la fè epi ou ka klike sou bouton **wè** ki nan fen chak depans ki afiche yo pou ou ka wè plis detay sou yon depans.




Konsa tou nan pati sa li bay posibilite pou ou ka chanje kek enfòmasyon sou yon depans oubyen menm efase yon depans si ou te fè erè ladan.

## Pati rapò




Pati rapò a pèmèt ou ka fè yon rapò sou depans kès vèt la de yon dat a yon lot date, sa ki pral pèmèt ou ka fè de rapò sou depans yo, pa mwa, pa trimès, pa ane.

## 2- Sòti kès wouj

Pou w fè yon sòti nan kès wouj la ou ale nan meni **Kès wouj** la epi ou klike sou **Sòti** nap tombe sou paj sa :




Pou antre yon sòti wap klike sou pati **Ajoute** an, ki tou afiche pa defo lè w fenk antre sou paj sòti a. Se yon fòmilè pou ou antre tout enfòmasyon konsènan sòti ou a : ***Deskripsyon*** **sòti a**, ***Dat, Montant, ribrik, benefisyè, ak lot detay.***

Lè w fin antre tout enfòmasyon sou sòti w ap fè a ou ka jis klike sou bouton anrejistre a, li pèmèt ou tou



telechaje yon piès jwent si w genyen tankou yon resi, yon kopi chèk etc...

**Pati Sòti yo**




Nan pati **Sòti yo** ou ka wè lis tout sòti mityèl la fè. Epi ou ka klike sou bouton **Wè** a ki nan fen chak sòti pou afiche yo pou ou ka wè plis detay sou yon sòti.




Konsa tou nan pati sa li bay posibilite pou ou ka chanje kek enfòmasyon sou yon sòti oubyen menm efase yon sòti si ou te fè erè ladan.

Rapò sou sòti yo




Pati rapò a pèmèt ou ka fè yon rapò sou sòti kès wouj la de yon dat a yon lot date, sa ki pral pèmèt ou ka fè de rapò sou sòti yo pa mwa, pa trimès, oubyen pa ane.

*Mèsi paske ou chwazi musomobil*